

# SOUS REVNI LEGAL

## Pwoteksyon anba Lwa Konsènan Dwa Moun Vil New York la

### Yo dwe Toujou Aksepte Asistans Piblik ak Koupon Lojman ou yo pou Lwaye ak Depo Garanti

Komisyon Vil New York pou Dwa Moun nan pwoteje ou kont diskriminasyon pou sous revni legal nan lojman. “Sous revni legal” se yon kategori ki pwoteje anba Lwa sou Dwa Moun Vil New York la epi li gen ladan nenpòt asistans piblik oswa lojman federal, eta, oswa lokal pou peye lwaye, tankou Seksyon 8, Viv nan Kominote (LINC), Revni Sekirite Sosyal (SSI), Administrasyon Sèvis VIH/SIDA (HASA), Sibvansyon pou Evite Mete Fanmi Deyò (FEPS), Soti Espesyal ak Prevansyon Sipleman (SEPS), Lwa GI Veteran yo, elatriye. Depo garanti ak sibvansyon yon sèl fwa yo (“afè yon sèl fwa”), ki ede moun ki pa ka peye yon depans paske yo te nan yon sitiyan oswa paske yo gen yon evènman yo pa te atann, nan kategori sa a tou.

Lè yo ranfòse avèk edike moun sou Lwa sou Dwa Moun nan NYC, Komisyon an ap asire l moun ki pi vilnerab nan kominote nou yo kapab genyen aksè a lojman nan Vil Nouyòk. Komisyon an kapab sanksyone pwopriyetè ak koutye yo epi egzije yo pou peye domaj a lokatè yo oswa potansyèl lokatè yo ki te viktim akòz diskriminasyon yo.

#### 5 Bagay ou Bezwen Konnen:

1. Si w ap viv oswa w ap eseye lwe nan yon bilding ki gen 6 oswa plis apatman, ou gen pwoteksyon.<sup>1</sup>
2. Koutye, pwopriyetè kay ak nenpòt lòt ajan lojman pa ka dekouraje w pou w pa aplike pou yon apatman paske ou vle peye lwaye oswa depo garanti ou ak lajan asistans piblik. Revni leta ba w kòm asistans piblik oswa koupon ou a pa fè ou pa kalifye oswa mete ou nan yon move pozisyon lè w ap aplike pou yon apatman.
3. Reklam ki di “Nou pa Aksepte Koupon” yo ilegal. Li ilegal pou pwopriyetè kay yo ak ajan lojman yo pibliye okenn piblisite sou entènèt, sou papyè, oswa nan televizyon oswa radyo ki di yo p ap aksepte pwogram asistans piblik oswa lojman, oswa koupon.
4. Pwopriyetè kay ou refize oswa mize nan reparasyon kay ou paske ou peye lwaye ou ak lajan leta bay pou asistans piblik oswa lojman.
5. Ou gen dwa pou yo pa tizonnen ou, fè diskriminasyon kont ou, oswa menase ou oswa fè kòmantè konsènan pwoteksyon lalwa ba w epi lòt lokatè ki nan bilding ou yo pa gen dwa fè sa tou.

Kalite fraz sa yo gendwa endike diskriminasyon ki baze sou sous revni legal ou:



Si yon moun fè diskriminasyon kont ou akòz sous revni legal ou, pote plent. Kontakte Komisyon Vil New York pou Dwa Moun nan 311 epi mande pou Komisyon an oswa rele Liy Dirèk Komisyon an nan (718) 722-3131. Pou jwenn plis enfòmasyon ak pou telechaje materyèl sou Lojman Ekitab, al gade nan NYC.gov/HumanRights.

<sup>1</sup> Genyen eksepsyon pou (i) lokasyon yon chanm nan yon init ki pa genyen asistans piblik epi ki pataje avèk pwopriyetè a oswa yon manm fanmi pwopriyetè a, avèk (ii) lokasyon yon init nan bilding pou de-fanmi ki pa genyen asistans piblik, si pwopriyetè a oswa yon manm fanmi pwopriyetè a abite nan yon (1) init epi yo pat fè piblisite pou init lokasyon an an piblik. Ou pa bezwen konnen tout enfòmasyon sa a. Si w pa sèten yon bilding kouvri, kontakte Komisyon an pou mande!